



Sanctifiez-vous

San Sanktifikasyon, pa gen moun k'ap wè Seyè a (Ebre 12 v14)

Meditasyon jounen an.

Sijè : Pi gwo boukliye a... 🛡️ !

Vèsè : Som 3:4 - *Men ou menm, Seyè, w'ap toujou pran defans mwen. W'ap fè m' genyen batay la. Ou p'ap kite m' wont devan lènmi m' yo.*

Leson : Pafwa, nou gen enpresyon ke BonDye pa la, Li pap pran swen nou... Men, menm si sa ta vle parèt yon bagay moun fou pou ou, BonDye konnen kòman pou Li pa kite w' wont devan ènmi ou yo, Li konn kòman pou Li ba w' asurans.

Lè David te ekri : "*Ou pwoteje m' tankou yon boukliye !*" li te nan mitan yon pakèt danje, anpil ènmi mechan epi dechennen te antoure li. David te konnen ke BonDye te tèlman tou prè li, li te ka konsidere Li tankou yon boukliye.

BonDye la, Li prè pou Li detui tout sa ki vle fè w' mal ak tout sa k'ap atake w'. Ènmi esprityèl ou a se ènmi L' Li ye tou si w' chèche refij ou nan Kris ! Paske, lè w' nan Kris, ou pa ka pèdi.

Sa pou nou sonje : Jezi toujou la. Li abite anndan w' ! Li se yon boukliye k'ap pwoteje w'. Li se lavi ou. Li pa moun k'ap kite w' viv yon jou san Li pa bò kote w'.

Refleksyon : Nan kiyès ou mete lafwa ou lè move van lavi a soufle sou ou ?

Konsèy : Zanmi m', n'ap konseye w' jodi a pou w' toujou mete konfyans ou nan BonDye, malgre tout move van lavi a ap pote ba ou. Paske BonDye pi fò pase tout traka lavi sa.

Amèn ?

🙏 **Ann priye pour nou ka toujou mete konfyans nou nan BonDye le move van lavi a vle pote nou ale.** 🙏

Chante : *M' gon Lyon k'ap veye m'* - Fr Gabe

Gade sou : <https://youtu.be/TmlXAnYHcfl>

Pou mande konsèy, temwanyaj oswa lapriyè, ekri nou sou : sanctifiezvous@gmail.com

Swiv nou sou Facebook, Twitter, Instagram ak sou entènèt la :

www.sanctifiezvous.wordpress.com